# LINGVOKULTUROLOGIYA HÁM ONIŃ IZERTLENIWI

**Mámbetalieva Qızlargúl Amangeldiyevna**
**Tayanısh doktorantı**
**qizlargúlmámbetalieva@gmail.com**
**Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.14524951**

Til – mádeniyattıń ajıralmas bólegi bolıp sanaladı. Onı biliw, ózlestiriw milliy oylawdıń arnawlı belgilerin qáliplestirip jetistiriw arqalı ámelge asadı. Mádeniyat tilde, tekstte ómir súredi. Til menen mádeniyat bir-biri menen tıǵız baylanıslı bolǵanlıqtan, tildi mádeniyattan, mádeniyattı tilden ajıratıp bolmaydı. Lingvokulturologiya (mádeniyattanıw) insan sanasın tábiyat, jámiyet, kórkem óner, sociallıq hám mádeniy bolmıstıń basqa kórinisleri menen baylanıslı úyrense, til ilimi tilde dúnyanıń ózine tán ruwxıy modeli sıpatında kórinetuǵın dúnyatanımdı úyrenedi.

Til - insaniyat ushın berilgen ullı iygilik bolıp, ol milliy mádeniyattıń da eń áhmiyetli hám ajıralmas quramınıń biri. Sonlıqtan, til – tek qatnas quralı bolıp qalmastan, materiallıq hám ruwxıy baylıqlardı dóretiwdiń quralı. Insandı kámalǵa keltiriwshi, onıń minez-qulqın, insanıylıq pazıyletleri sáykesligin támiyinlewshi tárbiya deregi de bolıp esaplanadı. Tildiń millet ómiriń real kórinisi, onıń tarıyxıy tájiriybesi, úrp-ádetleri, kóp ásirlik tarıyxı hám mádeniyatı óz sáwlesin tabadı. [2: 34]

Til hám mádeniyattıń baylanıslılıǵı, mádeniyattıń tilde óz kórinisin tabıw mashqalası menen baylanıslı máselelerdiń metodologiyalıq tiykarınıń tarıyxı oǵada uzaq emes, al jaqın jıllardan baslanadı. Onıń tiykarı sıpatında rus tilshileri V.V.Vorobyov, V.N.Teliya, V.A.Maslovanıń jumısları xızmet atqaradı. [1: 3]

Til - quramalı qubılıs bolıp, ol boyınsha francuz lingvisti Emil Benvenist til hám mádeniyattıń óz ara baylanısı máselesin izertlegen alım bolıp tabıladı. Ol bılay deydi: «Til, mádeniyat hám insan shaxsı triadası tiykarında basqa lingvistika payda etiliwi múmkin». [3: 73]

Til– mádeniyat penen tıǵız baylanıslı: ol mádeniyattıń ishinde rawajlanadı hám mádeniyattıń sáwlelndiriwshisi. Bul ideyanıń tiykarında jańa ilim – lingvokulturologiya payda boldı. Bul ilim XX ásirdiń 90-jıllarında óz aldına taraw sıpatında qáliplesti. Lingvokulturologiya «tildegi mádeniyat faktorı hám insandaǵı til faktorın úyreniwge qaratılǵan» (V.N.Teliya) ilim bolıp tabıladı. [4: 15]

«Lingvoturulogiya» ataması V.N.Teliya tárepinen basqarılıp atırǵan Moskva frazeologiyalıq mektep izertlewlerinde, jáne de ilimiy ádebiyatlarda bul tarawdıń qáliplesiwinde Yu.S.Stepanov, A.D.Arutyunova, V.V.Vorobyov, V.Shaklein, V.A.Maslova hám basqa da izertlewshilerdiń jumıslarında payda boldı.

Eń dáslepki lingvokulturologiya tarawına baylanıslı miynetler shet el ilimpazları tárepinen járiyalanǵan. Sońınan túrkiy tillerde áste aqırın qáliplese basladı. Sonıń ishinde ózbek til biliminde lingvokulturologiya tarawına baylanıslı bir qansha miynetler jarıq kórgen. Mısalı: D.U.Ashurova, Ó.K.Yusupov, TA.Bushuy, SH.S.Safarov, A.E.Mamatov, M.R.Galieva, N.Z.Normurodova, M.I.Rasulova, N.Maxmudov, D.S.Xudoyberganova óz ilimiy jumıslarında úyrenip shıqqan. Al, qaraqalpaq til biliminde bolsa keyingi jıllarda tilshi ilimpaz Sh.Abdinazimov lingvokulturologiya tarawına baylanıslı oqıw qollanba islep shıqtı.

Lingvokulturologiya ilimi qaraqalpaq til biliminde ele de tereńirek rawajlanıwın kútken tarawlardıń biri. Derlik bul tuwralı miynetlerdiń sanı sanawlı. Házirgi waqıtta kópshilik tárepinen lingvokulturologiya tarawına úlken qızıǵıwshılıqlar payda bolmaqta. Sonıń nátiyjesinde til hám mádeniyattıń bir-biri menen baylanısın úyreniw óz aldına sheshiliwi kerek til máseleleriniń biri bolıp esaplanadı.

## References:

1. Abdinazimov Sh, Tolıbaev X. Lingvokulturologiya. (Oqıw qollanba). Nókis. «Qaraqalpaqstan» baspası. 2020-jıl. 140 b.
2. Бенвенист Е. Общая лингвистика. – М.: Прогресс, 1974.
3. Пирниязова А Қарақалпақ тили фразеологиялық системасы ҳәм оның стилистикалық имканиятлары (Монография). – Нөкис: «Qaraqalpaqstan» баспасы. 2020-жыл, 176-бет.
4. Телия В.Н О методологических основаниях лингвокултурологии // XI. Международная конференция «Логика», методология, философия науки». И.М. – Обнинск, 1995.